




# Enstalasyon solè pou tout moun Massachusetts Prezantasyon - Janvye 2025


Yo asiyen 156 milyon dola sou 5 ane pou elajî aksè  
ekitab ak enstalasyon solè



# Eta enstalasyon solè nan Massachusetts

- An mwayèn, enèji solè nan MA te jenere ekonomi de **2,400 dola pa ane** pou chak fwaye
- MA klase 12yèm nan kapasite solè ki enstale pou chak moun
- **Yo konsidere mwens pase 6% nan patisipan yo nan prensipal pwogram ankourajman sistèm solè MA a se moun ki gen revni ki ba**

Sistèm solè ki enstale (kW) pou chak moun



# Enstalasyon solè pou tout moun Massachusetts: Rezime

## ENSTALASYON SOLÈ POU TOUT MOUN— FEDERAL

- Youn nan twa konpetisyon nan Fon rediksyon gaz ki lakòz ogmatasyon tanperati planèt la EPA dirije, sa Lwa sou Rediksyon enflasyon an pèmèt
- Pwogram 7 milya dola pou elaji aksè a enstalasyon solè pou kominote **ki gen revni fèb e ki defavorize** (LIDACs)
- Finansman an pral bay ekonomi nan bòdwo enèji lè I bay asistans finansye dirèk pou enstale pano solè
- Finansman pral kreye tou inisyativ sipò pou pèmèt devlopman enstalasyon solè epi angaje rezidan LIDAC yo nan lòt benefis deplwaman enèji pwòp

## ENSTALASYON SOLÈ POU TOUT MOUN MASSACHUSETTS (MASFA)

- MA te bay **156 milyon dola**; yon opòtinite inik pou:
  1. Kondwi deplwaman enstalasyon solè rapid atravè asistans finansye dirèk nan ti kominote rezidansyèl, ki gen plizyè fanmi, ak solè kominotè
  2. Ranfòse sektè enstalasyon solè Commonwealth la atravè deplwaman, devlopman mendèv, ak lòt inisyativ sipò
  3. Bay pou pi piti 20% ekonomi bòdwo enèji pou fwaye k ap patisipe nan kominote ki pi bezwen yo

# Kolaborasyon ant divès ajans

## Kowalisyon MASFA la

4 patnè k ap travay ansanm pou sèvi rezidan Massachusetts yo



Patnè pwogram: Lojman publik pou plizyè fanmi ki abòdab



- Pwogramasyon yo te devlope ansanm antanke kowalisyon MASFA
- DOER: te sèvi kòm aplikan prensipal, kowòdone ak EEA, biwo Chèf direksyon klima a
- Plizyè santèn konvèsasyon ak pati ki enterese yo
  - Pwojè pwopozisyon ak kòmantè piblik la
  - Plis pase 80 lèt sipò
- Kowalisyon an pral kontinye angaje ak kolabore ak piblik la, minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak endistri pandan tout peryòd konsepsyon ak aplikasyon pwogram yo
- Yo yo pral pibliye plis opòtinite pou angajman

# Konsepsyon pwogram wo nivo

**MASFA pral sipòte deplwaman enstalasyon solè atravè asistans finansye dirèk ak inisyativ sipò. Etandone kontra ak EPA ap kontinye, yo ka fè ajisteman nan pwogramasyon an.**

## Asistans finansye dirèk

1. Prè ak kontra lwave ti sistèm solè rezidansyèl
2. Lojman ak sistèm solè abòdab pou plizyè fanmi
3. Solè kominotè

## Inisyativ sipò

1. Edikasyon ak sansibilizasyon
2. Developman mendèv
3. Pèmèt amelyorasyon
4. Asistans teknik

# Ti enstalasyon solè rezidansyèl

## DETAY SOU PWOGGRAM NAN

- Finansman pou enstale pano solè nan rezidans 1-4 inite
- **Pwopriyete dirèk:** 0% òf prè enterè ak bank lokal yo, kès popilè ak CDFIs – ki baze sou Prè chofaj/Prè solè Mass
- **Pwopriyete lòt pati:** sibvansyon pou pèmèt plis ekonomi ak bonjan pwoteksyon konsomatè atravè patnè lokatè
- **Asistans teknik:** founisè yo pral gide rezidan yo pou idantifye chemen apwopriye ki pi byen satisfè bezwen yo
- Sansibilizasyon pral konekte kay yo ak pwogram efikasite enèji ki egziste deja pou sipòte pwojè gratis ki ka ogmante konfò nan kay la, diminye bòdwo enèji ak emisyon



# Sistèm solè abòdab nan lojman prive plizyè fanmi

## DETAY SOU PWOGGRAM NAN

- Finansman pou enstale pano solè nan lojman prive plizyè fanmi oswa ki pa pou la pou fè pwofi ak pwoteksyon abòdab (tankou kredi taks sou lojman ki pa gen anpil revni)
- Sistèm solè dwe delivre minimòm 20% ekonomi pou lokatè yo – dimansyon finansman yo pral espesifik ak pwojè ak bezwen ekonomi sa yo
- **Pwopriyete dirèk:** 0% enterè, prè ki ranbousab an pati pou lye konstriksyon ak kalandriye kredi enpo
- **Pwopriyete lòt pati:** sibvansyon pou asire benefis lokatè yo
- **Asistans teknik:** founisè a pral ede pwopriyetè lojman prive abòdab yo detèmine ki opsyon pwopriyetè ki pi byen satisfè bezwen yo epi evalye opòtinite pou rezistans



Mass Community Climate Bank pral kolabore nan devlopman pwogram ak dirije aplikasyon yo

# Sistèm solè lojman piblik plizyè fanmi ki abòdab

## DETAY SOU PWOGGRAM NAN

- Finansman pou enstale pano solè sou lojman piblik, ak apwòch senplifye nan akizisyon
- Sistèm solè yo dwe delivre minimòm 20% ekonomi bay lokatè yo
- Nan ka kote kredi bòdwo dirèk yo pa ka aplike pou lokatè yo, yo pral delivre benefis altènatif
  - Otorite lojman yo pral travay avèk lokatè yo pou detèmine metòd altènatif apwopriye pou pataje ekonomi yo
- **Pwopriyete dirèk:** 0% enterè, prè ranbousab an pati
- **Pwopriyete lòt pati:** sibvansyon
- **Asistans teknik:** founisè a pral ede otorite lojman piblik yo detèmine modèl pwopriyetè optimal, konsepsyon sistèm plan, ak evalye opòtinite rezistans




BHA kolabore nan developman pwogram lan epi dirije aplikasyon pou rive jwenn otorite lojman atravè eta a


# Solè kominotè

## DETAY SOU PWOGRAM NAN

- Finansman pral sipòte novo pwojè solè kominotè yo
- Pral mande pou omwen 50% nan kouran yon pwojè te pwodwi ki dwe asiyen nan fwaye LIDAC yo
- Pral bay priyortite pou pèmèt pwojè ki:
  - Delivre plis ekonomi pase minimòm 20% obligatwa a
  - Enkòpore benefis kominotè pi lwen pase ekonomi bòdwo yo
- Finansman dekèsman pou:
  - Pwojè ki twouve l nan izin kouran meri yo
  - Pwojè ki itilize estrikti pwopriyetè kominotè (egzanp. Ki pou koperativ, òganizasyon lokal)
- Kowalisyon an pral travay avèk òganizasyon ou fè konfyans yo pou fè sansibilizasyon




# Kalifikasyon fwaye pa pwogram



\*Note sa: EPA base definisyon revni egzak nan kay la sou plizyè karakteristik jewografik detaye. Y ap pibliye definisyon konplè ki gen espesifikasi jewografik.

# Pwen enpòtan pou kalifikasyon



# Inisyativ sipò

1

**Edikasyon ak sansibilizasyon:** Sibvansyon sansibilizasyon ak fòmasyon pou minisipalite yo ak òganizasyon komunitè yo pou ede facilite edikasyon ak patisipasyon konsomatè yo.

2

**Devlopman mendèv:** Sibvansyon ak pwogramasyon pou pèmèt plis opòtinite pou aprantisaj ak sipò pou rezidan LIDAC ki angaje ak mendèv sistèm solè a. Aktivite yo pral konsentre sou fòmasyon travay, plasman travay, ak retansyon. Òf asistans finansye pral ankouraje angajman ak pwogram sa yo.

3

**Pèmèt amelyorasyon:** Sibvansyon vize pou ka limite kote lòt sous finansman yo pa aksesib. Fon yo ka adrese baryè adopsyon tankou reparasyon do kay ak amelyorasyon sèvis elektrik.

4

**Asistans teknik:** Sipò patisipan atravè akizison, plasman, depo enèji oswa konsiderasyon sou rezistans, ak plis ankò. Sipò pou desizyon pou ede patisipan yo detèmine ki modèl pwopriyetè ki pi byen adapte ak bezwen yo, ak kijan pou yo marye pwogram MASFA ak lòt inisyativ ki baze nan MA. Lòt sipò pral gen ladan asirans kalite ak enspeksyon pou pwojè MASFA finanse yo.

# Kalandriye pwojè a

**Avril 2024**

*EPA te anonse entansyon  
pou bay 156 milyon dola pou  
Kowalisyon MASFA pou  
lanse pwogram li yo*

**Otòn 2024/Ivè 2025**

*Angajman moun ki enterese yo ak opòtinite pou  
fidbak sou pwogramasyon yo pwopoze a.*

**Me - Desanm 2024**

*Plan Travay Final voye bay EPA 9 oktòb; EPA pral  
finalize plan travay ak bidjè ak DOER avan  
**Desanm 2024.***

**2025 - 2029**

*Lanse pwogram ak  
operasyon kontinyèl.*

# Pwochen etap ak enfòmasyon pou kontakte n

## PATISIPE!

- Aprann plis sou [sit entènèt MASFA](#)
- [Enskri](#) pou mizajou pa imèl
- Rezidan - jwenn plis enfòmasyon sou solè nan [Clean Energy Lives Here](#)
- Y ap pibliye solisitasyon ak opòtinite sibvansyon [isit la](#)
- Pou fidbak jeneral sou MASFA, patisipe nan [sondaj sou entènèt la](#)
- Rive jwenn ak kesyon nan [solar@masscec.com](mailto:solar@masscec.com)

